



Avi politik

Tit politik la : Tarif ranbousman asistans finansye pou swen enfòmèl pou timoun

Nimewo politik la : CCFA-26-05

Dat piblikasyon an : 8 jiyè 2026

Dat antre an vigè : 1ye jiyè 2026

APÈSI

Founisè swen enfòmèl pou timoun (ICC) yo se manm fanmi, zanmi, vwazen, ak lòt founisè swen ki egzante de lisans ki bay swen pou timoun fanmi yo resevwa Asistans finansye pou swen timoun EEC (CCFA). Gras a finansman ki enkli nan Bidjè siplemantè eksedan pataj ekitab Ane fiskal 2025 Commonwealth la, Depatman edikasyon ak swen timoun piti a (EEC) ap ogmante tarif ranbousman pou founisè ICC yo.

Nan mwa jen 2026, Konsèy edikasyon ak swen timoun piti a (EEC) te apwouve yon plan ogmantasyon tarif ki te fè yon tranzisyon nan direksyon tarif ranbousman inifòm kit yo bay swen nan kay timoun nan oswa lakay yon fanmi. Nan kad plan sa a, yo ogmante tarif ranbousman pou swen yo bay nan kay timoun nan pou l koresponn avèk tarif swen yo bay nan kay yon fanmi, epi yo aplike yon ogmantasyon jeneral nan tout tarif swen enfòmèl pou timoun yo. Ogmantasyon tarif chak jou yo pral varye ant \$ 3.00 a \$ 10.00 pou chak timoun, selon anviwònman swen an.

Nouvo tarif ranbousman yo antre an aplikasyon 1ye jiyè 2026. Ogmantasyon tarif la aplike sèlman pou sèvis elijib yo bay nan dat 1ye jiyè 2026 oswa apre. Sèvis yo bay anvan 1ye jiyè 2026 yo ap kontinye ranbouse nan tarif Ane fiskal 2026 la.

Nou apresye pasyans ou pandan EEC ap aplike ogmantasyon tarif sa yo.

APLIKABILITE

Politik sa a aplike pou tout founisè swen enfòmèl pou timoun ki bay swen pou timoun fanmi yo resevwa Asistans finansye pou swen timoun EEC (CCFA).

RESOUS YO

Pou plis enfòmasyon, tanpri jwenn tablo tarif la [isit la](#).

Si oumenm oswa anplwaye ou gen kesyon sou politik sa a oswa ou bezwen sipò siplemantè, tanpri kontakte eeccsubsidymanagement@mass.gov.